

**UNDHAKAN KAWASISAN NGARANG TEMBANG MASKUMAMBANG KANTHI  
METODHE DEMONSTRASI KELAS IX B SMP NEGERI 14 MADIUN TAUN 2015**

**Yohana Lilis Suryani, Dr. Surana, S. S. M. Hum.**

Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah (Jawa)

Fakultas Baasa dan Seni

Universitas Negeri Surabaya

[Sharonmawar95@yahoo.com](mailto:Sharonmawar95@yahoo.com)

**Abstrak**

Adhedhasar pengamatan siswa kelas 9B SMPN 14 Madiun ora bisa ngarang tembang Maskumambang kanthi apik amarga ana panyebabe yaiku :1) Perbawane jaman globalisasi kang ditandhani kemajuan teknologi njalari tembang macapat ora digatekake dening para siswa, 2) Sistem pelestarian budaya daerah kang kurang kuwat.

Adhedhasar lelandhesan kang wis kaandharake mula ditentokake underane panliten yaiku: (1) Kepriye kagiyatan aktivitase guru jroning ngajarake ngarang tembang Maskumambang marang siswa kelas 9B SMPN 14 Madiun? (2) Kepriye tangkepe siswa kelas 9B SMPN 14 Madiun tumrap pasinaon ngarang tembang Maskumambang? (3) Kepriye undhak-undhakane asil pasinaon tembang Maskumambang sawise nggunakake metodhe dhemonstrasi ?

Kanggo ngawekani siswa kelas 9B SMPN 14 Madiun ora bisa ngarang tembang Maskumambang panliti nggunakake *metodhe demonstrasi* yaiku sawijining metodhe pasinaon kang nggunakake paragan kanggo upaya njelasake sawijining pangerten utawa kanggo njelasake prosese sawijine perkara.

Ana undhak-undhakan asil saben kagiyatan sakwise nggunakake *metodhe Demonstrasi*, saka kagiyatan aktivitase guru ana undhakan-undhakan saka 77 % dadi 87%, dadi ana undhakan 10 %, kagiyatan siswa saka 67 % dadi 81%, dadi ana undhakan 14%, dene asil pambiji post test saka 95 % dadi 100 % dadi ana undhak-undhakan 5 % undhak-undhakan mau jalaran guru ngugemi asil kekurangane saka siklus I lan nindhakake kagiyatan luwih kanthi luwih apik maneh. Tembung kang wigati: ndhakan kawasisan, ngarang tembang Maskumambang , *metodhe demonstrasi*

**PURWAKA**

**Lelandhesane Panliten**

Ngarang tembang Maskumambang minangka salah siji Kompetensi Dasar kang kacawisake tumrap siswa kelas sanga. Iki minangka kompetensi kang rada angel ditindakake tumrap para siswa uga para dwija. Kelas IX B SMPN 14 Madiun uga ora bisa ngarang tembang macapat kanthi asil kang apik mula saka iku panliti nyoba ngawekani perkara iku kanthi ngenekake panliten iki.

Ana 2 perkara kang njalari tembang macapat ora digatekake dening para siswa yaiku: (1) Perbawane jaman globalisasi kang ditandhani kemajuan teknologi njalari tembang macapat ora digatekake dening para siswa, 2) Sistem pelestarian budaya daerah kang kurang kuwat.

Perbawane jaman globalisasi kang ditandhani kemajuan teknologi njalari tembang macapat ora digatekake dening para siswa. Amarga lumantar piranti asil

teknologi kayata radio, hp, internet, vcd, dvd, mp3, mp4 lan sakpiturute, para siswa bebas bisa milih tembang apa bae kang salaras karo apa sing disenengi kanggo nambah kawruh tumrap siswa kang seneng karo kagiyatan nulis tembang utawa mung kanggo kabutuhan lelipur ati. Kahanan kang mangkono kuwi pancen nyenengake tumrap para siswa ananging sejatine iki mujudake perbawa kang kurang prayoga tumrap ngrembakane budaya kagiyatan ngarang tembang macapat. Saperangan gedhe jumlah siswa luwih seneng milih nonton, ngrungokake, lan ngarang tembang-tembang kang kaanggep luwih modern upamane lagu Pop, Barat, Mandharin, lan dhangdhut. Sisane kuwi saperangan sithik pancen ana siswa kang seneng tembang Jawa tuladhane tembang kroncong lan campur sari, luwih mrihatinake maneh, amarga mung sethithik banget siswa sing duwe greget ngrungokake lan gelem nyinau carane ngarang tembang macapat amarga

miturut panemune para siswa nyinau tembang macapat kaanggep kuna.

Piranti asil kemajuan teknologi sejatine bisa dadi sarana kang wigati banget yen digunakake kanggo ngrembakake tembang macapat. Saka piranti iku para siswa bisa nyinau ngarang tembang macapat. Kanthi cara ngrungokake luwih dhisik carane nembangake jenis-jenise tembang macapat supaya mahami laras lan cakepane tembang macapat. Saka tembang kang wis dirungokake lumantar piranti mau siswa banjur nerusake kagiyatan nyinau carané ngarang tembang macapat. Amarga kagiyatan ngarang tembang macapat ora bisa dipisahake saka kagiyatan ngrungokake tembang. Ewasemana kagiyatan ngrungokake lan ngarang tembang macapat iku pancen merlokake banget patuladhan saka guru lan tokoh masyarakat kang nduweni rasa pangrasa wajib ngrembakakake tradisi budhaya Jawa babagan tembang macapat .

Bab liyane maneh kang njalari para siswa ora nduwe greget nggatekake tembang macapat yaiku sistem pelestarian budhaya daerah kang kurang kuwat lan kurang sistematis. Sasuwene iki pamarintah daerah, para seniman lan sesepuhe daerah isih durung nyepakake program kang bisa nyengkuyung ngrembakane budhaya tembang macapat . Upama pamarintah daerah utamane ing tlatah Jawa, para seniman lan sesepuhe daerah nduweni program kang kuwat lan sistimatis kang bisa ngupaya kepriye carane nggladhi para muda supaya bisa ngarang tembang lan nembangake macapat mesthine bakal tuwuh pakulinan ing kalangane para mudha seneng nindakake kegiatan ngrungokake, ngarang, lan nembangake tembang macapat kanthi rasa mongkog ora bakal rumangsa kuna maneh nyinau tembang macapat amarga rumangsa nduweni budhaya luhur kang diuri-uri. Saengga tembang macapat bakal bisa ngrembaka lan kawentar . Tuladhane ing kutha Madiun saben taun kantor Dikbudmudora ngenekake bimbingan lan latihan ngarang lan nembangake tembang macapat tumrap para dwija basa Jawa. Sawise dibimbing lan dilatih dienkake lomba ngarang lan nembang tembang macapat, lan sipate wajib melu tumrap para dwija, bab iki nduwe pangaribawa kang apik banget tumrap para dwija lan para siswa

supaya bisa ngrembakakake budhaya ngrungokake, nembangake, lan ngarang tembang macapat.

Kanggo nuwuhake greget supaya para siswa bisa ngarang tembang macapat pancen siswa kudu nduweni pakulinan nindakake kagiyatan ngrungokake tembang macapat luwih dhisik. Amarga antaraning kagiyatan ngrungokake lan kagiyatan nulis ora bisa dipisahake. Basa kawangun dening pakulinan-pakulinan (Tarigan, 2008;21). Adhedhasar apa kang diandharake dening Tarigan iku bisa dimangerteni yen saya kerep siswa ngrungokake tembang Maskumambang bakal nuwuhake pakulinan tumrap siswa seneng ngrungokake lan nyinau ngarang tembang Maskumambang bab iki mrebawani siswa saya wasis ngarang tembang Maskumambang.

Kanggo nggayuh Kompetensi Dasar ngarang tembang macapat siswa kelas 9B SMP Negeri14 pancen rada kangelan amarga siswa kelas 9B SMP Negeri14 durung bisa ngarang tembang macapat bab iku amarga durung paham ngenani tembang macapat, supaya bisa ngarang tembang macapat mesthi bae siswa kudu paham lan ngerti: (1) jenise tembang macapat, 2) paugeran, lan wewatakane tembang macapat. Kanggo ngawekani perkara kuwi panliti nyoba nggunakake *Methodhe Demonstrasi*.

*Methodhe Demonstrasi* yaiku sawijining methodhe pasinaon kang nggunakake paragan kanggo upaya njelasake sawinjining pangerten utawa kanggo njelasake prosese perkara tartamtu. *methodhe demonstrasi* yaiku cara nyawisake pasinaon kanthi mragakake sawijine proses prastawa (Nuryani, 2005: 107).

Onjone *Methodhe Demonstrasi* iki yaiku ; (1) Kawigatene siswa luwih gampang ditujokake marang pasinaon lan ora tumuju marang bab liyane, (2) Bisa nyuda kaluputane dudutan sing diimpun dening siswa amarga siswa langsung ngamati kanthi jelas, (3) Nalika siswa melu aktif jroning pamrangan kang asipat *demonstrative* siswa bakal nduweni pengalaman langsung.

### Underane Panliten

Adhedhasar bab kang wis diandharake ing dhuwur bisa dimangerteni yen underane panliten iki yaiku:

(1) Kepriye aktivitase guru jroning ngajari ngarang tembang Maskumambang marang siswa kelas 9B SMPN 14 Madiun?

(2) Kepriye aktivitase siswa kelas 9B SMPN 14 Madiun jroning nyinau ngarang tembang Maskumambang ?

(3) Kepriye asile pasinaon ngarang tembang Maskumambang kanthi nggunakake *Metodhe demonstrasi* ?

### Pamecahane Perkara

Kanggo ngawekani perkara siswa kelas 9B sing durung bisa ngarang tembang macapat Maskumambang guru prelu ngundhakake gregete siswa kelas 9B nyinau carane ngarang tembang Maskumambang kanthi cara nggunakake *Metodhe Demonstrasi*. Lumantar *Metodhe Demonstrasi* guru bisa ngajari siswa kanthi cara :

(1) ngajak siswa ngrungokake tembang Maskumambang kanthi permati

(2) guru mragakake carane nembangake tembang Maskumambang miturut titi larase

(3) guru mragakake carane ngarang tembang Maskumambang miturut paugerane kanthi langsung saengga para siswa nduweni pengalaman langsung kepriye carane nulis tembang Macapat.

### Ancase Panliten

Ancase panliten iki kanggo meruhi :

(1) Kepriye aktivitase guru jroning ngajari ngarang tembang Maskumambang marang siswa kelas 9B SMPN 14 Madiun.

(2) Kepriye aktivitase siswa kelas 9B SMPN 14 Madiun jroning nyinau ngarang tembang Maskumambang.

(3) Kepriye asile pasinaon ngarang tembang Maskumambang kanthi nggunakake *Metodhe Demonstrasi*.

### Mupangate Panliten

1) Mupangate panliten tumrap guru basa Jawa: Panganggone *Metodhe Demonstrasi* jroning pasinaon ngarang tembang Maskumambang iki kaajab bisa :

(1)Meruhi carane ngajari ngarang tembang Maskumambang tumrap siswa kanthi nggunakake metodhe Demonstrasi

(2)Nuwuhake gregete guru supaya seneng ngarang tembang macapat

(3)Ngundhakake kawasisan guru ing babagan ngarang tembang macapat

(4)Guru basa Jawa bisa meruhi asil kawasisane siswa ing babagan ngarang tembang Maskumambang sawise nggunakake *Metodhe Demonstrasi* .

2) Mupangate panliten tumrap siswa:

(1)Bisa ngundhakake greget seneng nyinau ngarang tembang Maskumambang

(2)Ngundhakake kawasisan ngarang tembang Maskumambang

(3)Ngundhakake asile pasinaon ngarang tembang maskumambang

3) Mupangate panliten tumrap sekolah:

bisa ngundhakake mutu pasinaon ing sekolahan

### Wewatesane Tetembungan

Panjlentreh tetembungan iki karakit kanggo mangerteni tetembungan kang wigati sajrone panliten. Wewatesane tetembungan kasebut yaiku kaya kasebut ing ngisor iki.

(1) Undhakan

Undhakan ateges tambahan, ana undhak-undhakan (Bausastra Jawa, 2000:820)

(2) Kawasisan

Kawasisan ateges nduwe teges kapinteran (Bausastra Jawa, 2000 : 842)

(3) Ngarang

Ngarang duwe teges nggawe tulisan karangan

(4)Tembang Maskumambang tegese salah siji jenis tembang kang kaiket paugeran yaiku guru lagu , guru gatra lan guru wilangan (Lebda Basa jawa, 2008:9)

(5) *Metodhe demonstrasi* duwe teges sawijining metodhe pasinaon kang nggunakake paragan kanggo upaya njelasake sawijining pangerten .

### TINTINGAN KAPUSTAKAN

#### Tembang ing Budhaya Jawa

Tembang ing budhaya Jawa iku maneka warna kayata ; (1) tembang gedhe utawa tembang kawi (2) tembang tengahan utawa tembang dhagelan (3) tembang cilik utawa tembang macapat (4) tembang dolanan. Ing pamulangan wiwit SD nganti tekan SMP sing lumprah diwulangake marang para siswa yaiku tembang cilik utawa tembang macapat lan tembang dolanan.

Miturut S. Padmosoekotjo jroning buku Ngenngrenan, tembang cilik utawa tembang macapat ana 9 yaiku: (1) Kinanti, (2) Pucung, (3) Asmaradana, (4) Mijil, (5) Maskumambang, (6) Pangkur, (7) Sinom (8) Dandanggula, (9) Durma.

Ananging jenise tembang macapat kang kaprah/lumrah diwulangake ing jaman saiki iku cacahé ana 11. Kang kalebu golongan tembang macapat yen diurutake selaras karo pralambang gegambarane uripe manungsa wiwit manungsa lair nganti tumekane pati yaiku:

- (1) Mijil : pralambange tumrap manungsa kang lagi lair
- (2) Maskumambang : pralambange tumrap bocah sing isih cilik lan isih kumlewer (isih seneng digendhong)
- (3) Gambuh : pralambange tumrap bocah sing durung dunung
- (4) Sinom : pralambange tumrap bocah sing tumampak ing wayah nom – noman (remaja)
- (5) Asmaradan : pralambange tumrap para muda kang padha lagi kasmaran, sawise remaja.
- (6) Dhandhanggula : pralambange tumrap para muda sawise padha kasmaran ngalami kedadeyan kang endah-endah
- (7) Kinanti : pralambange tumrap jejere manungsa wis wayahe wengku /mengku utawa di kanti ganti (nggandheng) pasangan siap mbangun bale wisma
- (8) Durma : pralambange tumrap jejere manungsa sing wis mapan anggone mbangun bale wisma ing urip bebrayan .
- (9) Pangkur : pralambange tumrap jejere manungsa sing wis mungkur enome (sepuh), kudu nggunakake umure kanggo ibadah lan tumindak becik, wiwit ninggalake gumebyare saisine donya
- (10) Megatruh : saka tembung megat karo ruh, pralambange tumrap jejere manungsa sing wis dipundhut ing ngarsane Gusti
- (11) Pucung : pralambange tumrap jejere manungsa sing wis kapundut lumrahe lumrahe dipocong.

Jenenge tembang cacah 11 mau supaya gampang anggone ngapalake, diapalake nganggo wancah/ cekakan / singkatan tembung “MI-MAS-GAM-SI-AS-DHA-KI-DUR-PANG-GAT-PU”.

### **Tembang Maskumambang**

Tembang Maskumambang minangka sawijining tembang macapat, tembang cilik diarani tembang macapat amarga kaiket dening guru (Padmosoekotjo, 1955:13) guru ateges uger-uger, paugeran, wewaton, pathokan. guru ana telung warna, yaiku: (1) guru gatra, yaiku cacahing gatra/larik saben sapada / sabait tembang, (2) guru wilangan, yaiku cacahing wanda / suku kata saben gatra / larik, (3) guru lagu, yaiku dhong-dhinge / tibane swara ing saben pungkasan gatra / larik. Paugeran mau yen ditulis nggunakake tabel kaya ing ngisor iki;

Tembang Maskumambang minangka sawijining tembang macapat uga duwe paugeran yaiku guru gatrane 4, tegese saben sapada ( sabait ) tembang Maskumambang ana 4 gatra utawa baris /larik , dene guru wilangan lan guru lagune : 12i-6a-8i-8a

Angka 12, 6, 8, 8 tegese ing gatra/larik 1 ana 12 wilangan utawa wanda (*suku kata*), gatra/larik 2 ana 6 wanda, gatra/larik 3 ana 8 wanda, lan gatra/larik 4 ana 8 wanda . Dene akasara i, a, i, a iku nudohake guru lagune tegese ing gatra 1 guru lagune i tembung kang pungkasan ing gatra 1 kudu unine i, gatra 2 guru lagune ategese tembung kang pungkasan ing gatra 2 kudu unine a, gatra 3 guru lagune i tegese tembung kang pungkasan ing gatra 3 kudu unine i, lan gatra 4 guru lagune a tegese tembung kang pungkasan ing gatra 4 kudu unine a, Paugeran tembang macapat yen ditulis ing wujud tabel kaya sing katulis ing ngisor iki .

### **Watake Tembang Maskumambang**

Tembang macapat saliyané duwe paugeran uga duwe wewatakan kang gedhe banget gunane kanggo ngarang tembang macapat. Watake tembang kanggo nggampangake milih tembung kang bakal digandheng dadi ukara ing cakepane tembang macapat, Tembang Maskumambang duwe watak nelangsa, keranta-ranta, ngeres-eresi, mathuke kanggo medharake rasa sedhih, kelara-lara (keranta-ranta) lan nelangsa.

### **Tata Carane Ngarang Tembang Maskumambang**

1) Nentokake gagasan utawa tema tembang Maskumambang kang arep dikarang

- 2) Nentokake paugerane tembang tembang Maskumambang kang arep dikarang
- 3) nggawe dhaftar tembung- tembung sing dipilih kang selaras karo watak lan tema tembang
- 4) Tembung-tembung pilihan sing wis didhaftar banjur dirakit selaras karo paugerane dadi cakepan tembang Maskumambang.

#### **Kajian Teoretis Metode Demonstrasi**

*Metodhe Demonstrasi* sawijining cara ngandharake pasinaon kanthi mragakake sawijing proses kedadeyan kedadeyan. lumantar *Metodhe Demonstrasi* bakal luwih jelas dimangerteni siswa amarga siswa ngalami kanthi cara langsung prosese sawijing kedadeyan. *Metodhe Demonstrasi* merlokake ketrampilan guru kang mligi babagan sawijining bab saengga guru bisa nyiapake rancangan kanthi luwih mateng (Nuryani : 102 )

*Metodhe Demonstrasi* sawijine metodhe pasinaon kang nggunakake paragan kanggo upaya njelasake sawinjing pangerten utawa kanggo njelasake prosese perkara .

*Metodhe Demonstrasi* sawijine pamrajan proses/carane dumadine prastawa utawa barang nganti tumekane tumindak kang dituladhakne supaya bisa dimangerteni siswa kanthi nyata, *Metodhe Demonstrasi* iki luwih cocog kanggo ngajarake materi pasinaon arupa pamrajan sawijine proses utawa bab-bab kang asipat terus-terusan kanthi nggunakake *Metodhe Demonstrasi* siswa nduwe kesempatan ngundhakake kawasisan njlimeti samubarang kang ana gandhengcenenge karo proses pasinaon kang dijlimeti sarta bisa nentokake dudutan kang kaya sing diajab ( Syaiful, 2008:210 ).

*Metodhe Demonstrasi* sawijine metodhe pasinaon kanthi cara mragakake barang, kedadeyan, aturan, lan urutan nindakake sawijine kegiatan, kanthi langsung utawa lumantar nggunakake media pasinaon kang selaras karo Pokok Bahasan utawa materi kang disajekake ( Muhibbin Syah, 2000: 22 ).

Miturut Syaiful Bahri Djamarah, (2000:2) medharake yen *Metodhe Demonstrasi* yaiku metodhe kang digunakake kanggo mragakake sawijine proses utawa cara kerjane barang utawa

kang ana sesambungane karo materi pasinaon.

Ancase nggunakake *Metodhe Demonstrasi* iki : (1) Supaya gampang olehe njelasake sawijine bab (2) Supaya gampang narik kawigatene siswa, (3) Supaya ora *verbalisme*, (4) Cocog kanggo menahi katrampilan (5) mragakake proses dumadine sawijine prastawa selaras karo materi pasinaon.

Onjone *Metode Demonstrasi* iki yaiku : (1) Kawigatene siswa luwih gampang ditujokake marang pasinaon lan ora tumuju marang bab liyane, (2) Bisa nyuda kaluputane dudutan sing diimpun amarga siswa langsung ngamati kanthi jelas, (3) Nalika siswa melu aktif jroning pamrajan kang asipat *demonstrative* siswa bakal nduweni pengalaman langsung.

Langkahe utawa carane nindakake *Metodhe Demonstrasi* yaiku : (1) nentokake ancise *Metodhe Demonstrasi*, kang selaras karo tujuwan pasinaon (2) Nindakake pragan kanthi jelas, (3) Guru nulis tembang Maskumambang ing papan tulis, (4) menahi tuladha nentokake tema tembang , (5) menahi tuladha nentokake paugeran tembang, menahi tuladha ngetung guru gatra, guru wilangan lan guru lagune tembang. (6) menahi tugas marang siswa, ngarang tembang Maskumambang selaras karo tema kang disepakati.

*Metodhe Demonstrasi* sawijining carangandharake pasinaon kanthi mragakake sawijing roses kedadeyan.lumantar *Metodhe Demonstrasi* bakal luwih jelas dimangerteni siswa amarga siswa ngalami kanthi dara langsung prosese sawijing kedadeyan. *Metodhe Demonstrasi* merlokake ketrampilan guru kang mligi ngenani sawijining bab saengga guru bisa nyiapake rancangan kanthi luwih mateng .

#### **METODE PANLITEN Ancangan Panliten**

Jroning ancangan iki ngandharake babagan metodhe panliten kang cocog kanggo nulis panliten iki yaiku metode panulisan PTK kang ditindakake jroning 2 siklus, saben siklus 2 jam pelajaran yaiku 2 x 40 menit. Ancangane panliten iki kanthi nentokake lelandhesane panliten babagan ngarang tembang Maskumambang banjur nentokake underane panliten, pamecahane

perkara, ancasa panliten , lan mupangate panliten, nentokake strategi pasinaon, nyusun metodhe pasinaon carane ngumpulake data, lan rancangan carane ngolah data.

#### Prosedur Panliten

**Prosedure panliten yaiku:** (1) ngrancang kagiyatan, (2) nindakake kagiyatan,(3) nindakake observasi, (4) nindakake refleksi  
1)Ngrancang kagiyatan minangka sawijining kagiyatan kang ditindakake dening panliti sadurunge nindakake panliten kanthi cara :  
(1)Nggaweskenariopasinaon kalampir/RPP  
( 2) Nyiapake sarana kanggo nulis tembang macapat Maskumambang  
( 3) Nyiapake *instrument* kanggo ngrekam data sarana awujud lembar pengamatan kagiyatane siswa lan guru.  
2) Nindakake kagiyatan kanthi langkah-langkah: kagiyatan wiwitan,kagiyatan inti, lan kagiyatan panutup.

#### Setting panliten

Setting panliten iki :1) Subjek : Subjeke panliten iki siswa kelas 9B SMP Negeri 14 Madiun kanthi jumlah siswa 20 siswa, 2) Panggonane panliten iki : Ing SMP Negeri 14 Madiun Jl.Tulus Bhakti nomer 40 Madiun, wektune panliten siklus I dina Kemis,13 Agustus 2015 lan siklus II ditindakake dina Kemis tanggal 27 Agustus 2015.

#### Tata Cara Ngumpulake Data

Data awujud data kualitatif, data dikumpulake wektu pasinaon lumantar ngamati lan ngisi : (1) angket kagiyatan aktivitas guru, (2) angket kagiyatan aktivitas siswa, ( 3) Asil test.

#### Instrumen Panliten

(1) Observasi : kanggo mangerteni keaktifane siswa lan guru pirantine awujud lembar observasi kagiyatan guru, lembar observasi kagiyatan siswa, lan tabel analisis asil pasinaon. Pengamatan kagiyatan aktivitas guru ateges nindakake kagiyatan ngamati aktivitas guru kanthi cara aweh biji kang selaras karo *indikator* kang ana ing lembar *observasi* dene indikator iku selaras karo rinciyan kagiyatan kang wis tinulis ing RPP.

( 2) tes Pambiji asil kagiyatan pasinaon datane dijupuk saka asil post test, yaiku

pambiji utawa test tulis bentuke uraian kang ditindakake sawise pasinaon, siswa nggarap soal uraian cacah 5 saben soal bijine 4 jumlah biji kang kagayuh diolah nggunakake rumus

(3) dokumen

#### Tata Cara Njlentrehake Data

Asil panliten iki dijlentrehake kanthi cara : (1) kanthi deskripsi utawa ngandharake asil observasi kagiyatan aktivitas guru lan siswa. Pengamatan kagiyatan aktivitas guru ateges nindakake kagiyatan ngamati aktivitas guru kanthi cara aweh biji kang selaras karo *indikator* kang ana ing lembar *observasi* dene indikator iku selaras karo rinciyan kagiyatan kang wis tinulis ing RPP.

Ing lembar observasi ana 9 kolom yaiku : (1) kolom nomer, (2) kolom kagiyatan pasinaon, (3) kolom 3-7 pilihan biji, (4) biji kang digayuh , (5) kolom persen. Kolom 2 isine kagiyatan pasinaon kaperang ana 15 kagiyatan kang kudu ditindakake dening guru, ing kolom nomer 3-7 cumawis pilihan biji kanthi ukuran: (1) kurang apik = 0-60, 2) cukup apik = 61-75, 3) apik = 76-85, (4) apik banget = 86-100, kolom 4 isine biji kang digayuh guru miturut tindakan kang ditindakake dening guru selaras karo kagiyatan kang ana ing kolom kagiyatan pasinaon, sawise biji kang digayuh dietung kanthi nggunakake rumus ditemokake biji wujud persen ditulis ing kolom 5.

Pengamatan kagiyatan aktivitas siswa ateges nindakake kagiyatan ngamati aktivitas siswa jroning wayah pasinaon ngarang tembang Maskumambang kanthi cara aweh biji kang selaras karo *indikator* kang ana ing lembar *observasi* dene indikator iku selaras karo rinciyan kagiyatan kang wis tinulis ing RPP.

Ing lembar observasi ana 9 kolom yaiku : (1) kolom nomer, (2) kolom kagiyatan pasinaon, (3) kolom 3-7 pilihan biji, (4) biji kang digayuh , (5) kolom persen. Kolom 2 isine kagiyatan pasinaon kaperang ana 15 kagiyatan kang kudu ditindakake dening siswa, ing kolom nomer 3-7 cumawis pilihan biji kanthi ukuran: (1) kurang apik = 0-60, 2) cukup apik = 61-75, 3) apik = 76-85, 4) apik banget = 86-100, kolom 4 isine biji kang digayuh siswa miturut tindakan kang ditindakake dening

siswa selaras karo kegiatan kang ana ing kolom kagiyatan pasinaon, sawise biji kang digayuh dietung kanthi nggunakake rumus ditemokake biji wujud persen ditulis ing kolom 5.

Pambiji asil kagiyatan pasinaon datane dijupuk saka asil post test, yaiku pambiji utawa test tulis bentuke uraian kang ditindakake sawise pasinaon, siswa nggarap soal uraian cacahé 5 saben soal bijine 4 jumlah biji kang kagayuh diolah nggunakake rumus ; $P = \frac{f}{n} \times 100$

Katrangan:

P= prosentase ketuntasan  
f= jumlah siswa kang asil pasinanone tuntas  
n= jumlah sakabehe siswa

#### **Tata Cara Panulise Asil Panliten**

**Tata cara nulis asil panliten yaiku ditulis kanthi sistematik skripsi kaya ing ngisor iki**

**Bab I** : ngandharake purwaka kang isine ngenani bab landhesan panliten, underane panliten, ancasa panliten, paedaha panliten, wewatesane tetembungan.

**Bab II** : ngenani titingan kapustakan kang isine ngemot bab panliten saemper, tembang Maskumambang, carane ngarang tembang Maskumambang lan metodhe demonstrasi.

**Bab III** : ngenani metodhe panliten kang isine ngandarake bab ancangan panliten, dhata lan sumber dhata, metodhe lan tata cara njlentrehake dhata, tata cara panulisan asile panliten.

**Bab IV** : andharan asile panliten

**Bab V** : ngenani dudutan lan saran saka asile panliten

#### **ASILENG PANLITEN**

##### **Siklus I**

Kagiyatan panliten iki ditindakake jroning 1 patemon, sapatemon ana 2 jam pelajaran patemon kang kapisan ditindakake dina Kemis, 13 Agustus 2015

##### **Asil Pengamatan Kagiyatan Aktivitas Guru**

Pengamatan kagiyatan aktivitas guru ateges nindakake kegiatan ngamati aktivitas guru kanthi cara awèh biji kang selaras karo indikator kang ana ing lembar observasi dene indikator iku selaras karo rinciyan kagiyatan kang wis tinulis ing RPP.

Ing lembar observasi ana 9 kolom yaiku : (1) kolom nomer, (2) kolom kagiyatan pasinaon, (3) kolom 3-7 pilihan biji, (4) biji kang digayuh, (5) kolom persen. Kolom 2 isine kagiyatan pasinaon kaperang ana 15 kagiyatan kang kudu ditindakake dening guru, ing kolom nomer 3-7 cumawis pilihan biji kanthi ukuran: (1) kurang apik = 0-60, (2) cukup apik = 61-75, (3) apik = 76-85, (4) apik banget = 86-100, kolom 4 isine biji kang digayuh guru miturut tindakan kang ditindakake dening guru selaras karo kagiyatan kang ana ing kolom kagiyatan pasinaon, sawise biji kang digayuh dietung kanthi nggunakake rumus ditemokake biji wujud persen ditulis ing kolom 5.

Ing kagiyatan aktivitas guru biji 1 kang ateges kurang apik = 0-60 ora ana isine amarga

guru nindakake kagiyatan kanthi aktif, ing kolom pilihan biji 2 ana bijine 2 amarga guru kurang bisa mbimbing siswa takon – pinakon, ing kolom biji 3 ana bijine 10 kolom iki akeh bijine amarga pancen guru nindakake kagiyatan kanthi aktif, lan kolom ka 4 ana bijine 2 yaiku guru awèh tugas lan awèh kesempatan siswa ngandharake asil kerja kanthi tepat, saka kagiyatan guru iku oleh biji 40 yen dietung nganggo rumus ana 77%. Saka analisis data ing ndhuwur bisa diweruhi yen asil pambiji kagiyatan aktivitas guru jumlahe 40 yen diolah nggunakake rumus asile 77%. Kanggo nentokake kasil orane kagiyatan aktivitas guru iki digunakake kriteria pambiji:

kriteria pambiji :

(1) 0 - 65 % = Kurang Apik.

(2) 66 % - 75 % = cukup apik

(3) 76 % - 86 % = apik

(4) 87 % - 100 % = apik banget

Asil pambiji kagiyatan aktivitas guru siklus I kagolong kriteria asil kang apik

##### **Pengamatan Kagiyatan Aktivitas Siswa**

Pengamatan kagiyatan aktivitas siswa ateges nindakake kegiatan ngamati aktivitas siswa jroning wayah pasinaon ngarang tembang Maskumambang kanthi cara awèh biji kang selaras karo indikator kang ana ing lembar observasi dene indikator iku selaras karo rinciyan kagiyatan kang wis tinulis ing RPP.

Ing lembar observasi ana 9 kolom yaiku : (1) kolom nomer, (2) kolom

kagiyatan pasinaon, (3) kolom 3-7 pilihan biji, (4) biji kang digayuh, (5) kolom persen. Kolom 2 isine kagiyatan pasinaon kaperang ana 15 kagiyatan kang kudu ditindakake dening siswa, ing kolom nomer 3-7 cumawis pilihan biji kanthi ukuran: (1) kurang apik = 0-60, (2) cukup apik = 61-75, (3) apik = 76-85, (4) apik banget = 86-100, kolom 4 isine biji kang digayuh siswa miturut tindakan kang ditindakake dening siswa selaras karo kegiyatan kang ana ing kolom kagiyatan pasinaon, sawise biji kang digayuh dietung kanthi nggunakake rumus ditemokake biji wujud persen ditulis ing kolom 5.

Ing kolom biji 1 ora ana isine amarga siswa nindakake kagiyatan kanthi aktif, ing kolom biji 2 ana bijine 5 amarga ing kagiyatan siswa iku cukup aktif nindakake kagiyatan, ing kolom biji 3 ana bijine 7 kolom iki akeh bijine amarga pancen siswa nindakake kagiyatan kanthi aktif, lan kolom 4 ana bijine 1 yaiku siswa aktif ngrungokake tujuwan pasinaon saka kagiyatan aktivitas siswa iku oleh biji 35 yen dietung nggunakake rumus ana 67%. jumlah Siswa 35 yen diolah nggunakake rumus asile 67%. Kanggo nentokake kasil orane kagiyatan aktivitas siswa iki digunakake kriteria pambiji :

- (1) 0 - 65 % = Kurang Apik.
- (2) 66 % - 75% = cukup apik
- (3) 76% - 86 % = apik
- (4) 87% - 100 % = apik banget

Asil pambiji kagiyatan aktivitas siswa siklus I kagolong asil kang cukup apik.

#### **Pambiji Asil Pasinaon**

Pambiji asil kagiyatan pasinaon datane dijupuk saka asil post test, yaiku pambiji utawa test tulis bentuke uraian kang ditindakake sawise pasinaon, siswa nggarap soal uraian cacahé 5 saben soal bijine 4 jumlah biji kang kagayuh diolah nggunakake rumus, ana siswa 1 sing durung tuntas, jalaran soal nomer 1 nganti nomer 4 mung oleh biji 3 dene soal nomer 5 mung oleh biji 2 dadine jumlah bijine ana 14 yen dietung nggunakake rumus asile 70.

Amarga siswa 1 sing durung tuntas yen dieting persene ana 5 % dibandingake siswa sing wis tuntas, dene siswa sing oleh biji tuntas yaiku ana 19 siswa yen dietung nganggo rumus 95%

kanggo nentokake kasil orane pambiji asil pasinaon iki digunakake kriteria pambiji :

- (1) 0 - 65 % = Kurang Apik.
- (2) 66 % - 75% = cukup apik
- (3) 76% - 86 % = apik
- (4) 87% - 100 % = apik banget

Yen dianalisis saka kriteria kelompok pambiji asile post test siklus I kagolong biji kang apik banget. Iki mertandhani siswa ana pangaribawa kang apik tumrap siswa nalika guru ngajari carane ngarang tembang Maskumambang kanthi nggunakake *metodhe demonstrasi*

#### **Siklus II**

Kagiyatan panliten iki ditindakake jroning 1 patemon, sapatemon ana 2 jam pelajaran patemon iki ditindakake dina

Kemis, 27 Agustus 2015

#### **Asil Pengamatan Kagiyatan Aktivitas Guru**

Adhedasar asil refleksi saka patemon 1 guru ngowahi carane nglola kelas luwih apik kanthi tindakan kang luwih cocog karo kahanan jroning pasinaon siklus II Saka analisis data diweruhi asil pambiji kagiyatan aktivitas guru jumlahe biji 42 yen diolah nggunakake rumus ana 87%, ing siklus II iki ana undhak-undhakan biji saka 77 % dadi 87% kanggo nentokake kasil orane kagiyatan aktivitas guru iki digunakake *kriteria* pambiji :

- 1) 0 - 65 % = Kurang Apik.
- 2) 66 % - 75% = cukup apik
- 3) 76% - 86 % = apik
- 4) 87% - 100 % = apik banget

#### **Asil Pengamatan Kagiyatan Aktivitas siswa**

Adhedasar asil refleksi saka patemon 1 guru ngowahi carane nglola kelas luwih apik kanthi tindakan kang luwih cocog karo kahanan jroning pasinaon siklus II Saka analisis data diweruhi asil pambiji kagiyatan aktivitas siswa jumlahe biji ana 37 yen diolah nggunakake rumus ana 81 %, ing siklus II iki ana undhak-undhakan biji saka 77 % dadi 81% kanggo nentokake kasil orane kagiyatan aktivitas guru iki digunakake *kriteria* pambiji :

- 1) 0 - 65 % = Kurang Apik.
- 2) 66 % - 75% = cukup apik
- 3) 76% - 86 % = apik
- 4) 87% - 100 % = apik banget



Asil pambiji kagiyatan aktivitas guru siklus II kagolong *kriteria* asil kang apik

#### **Pambiji Asil Pasinaon**

Pambiji asil kagiyatan pasinaon datane dijupuk saka asil post test, yaiku pambiji utawa test tulis bentuke uraian kang ditindakake sawise pasinaon, siswa nggarap soal uraian cacahé 5 saben soal bijine 4 jumlah biji kang kagayuh diolah nggunakake rumus, 20 siswa kabeh tuntas, jalaran kabeh siswa oleh biji sadhuwure KKM yaiku 76, dadine sing oleh biji tuntas ana 20 siswa yen diolah nggunakake rumus ana 100% kanggo nentokake kasil orane pambiji asil pasinaon iki digunakake kriteria pambiji :

- (1) 0 - 65 % = Kurang Apik.
- (2) 66 % - 75% = cukup apik
- (3) 76% - 86 % = apik
- (4) 87% - 100 % = apik banget

Yen dianalisis saka kriteria kelompok pambiji asile post test siklus II kagolong biji kang apik banget. Iki mertandhani siswa ana pangaribawa kang apik tumrap siswa nalika guru ngajari carane ngarang tembang Maskumambang kanthi nggunakake *metodhe demonstrasi* saengga siswa bisa ngarang tembang Maskumambang kanthi apik masiya tema tembange diganti liya.

#### **Andharan**

#### **Kagiyatan Aktivitas Guru Siklus I Lan Siklus II**

Saka analisis pambiji kagiyatan aktivitas guru siklus I lan kagiyatan aktivitas guru siklus II ana undhak-undhakan tingkat keaktivane guru. Anane undhak-undhakan kasebut amarga anane tindakan guru kang ngugemi asil saka refleksi saka asil pambiji siklus I. Adhedhasar asil refleksi kasebut guru awèh kawigaten kang luwih marang aspek kang kudu diundhakake keaktivane . Kagiyatan aktivitas guru siklus I oleh biji 40 utawa 77 % dene kagiyatan aktivitas guru siklus II oleh biji 42 utawa 87 % dadine saka kagiyatan aktivitas guru siklus I menyang siklus II ana undhak-undhakan biji 10 %.

Undhakan kagiyatan aktivitas guru amarga guru luwih aktif nggatekake kepriye carane ;

- (1) nyiapake kahanan kelas,
- (2) ngandarake tujuan pasinaon,
- (3) Nyiapake teks tembang Maskumambang ,
- (4) Ngajari siswa ngarang tembang

Maskumambang kanthi metodhe demonstrasi, (5) Awèh tugas marang siswa ngarang tembang Maskumambang kanthi tema gegayuhan, (6) Awèh kesempatan marang siswa supaya ngandharake karangane ing papan tulis.

#### **Kagiyatan Aktivitas Siswa Siklus I Lan Siklus II**

Saka analisis pambiji kagiyatan aktivitas siswa siklus I lan kagiyatan aktivitas siswa siklus II ana undhak-undhakan tingkat keaktivane siswa. Anane undhak-undhakan kasebut amarga anane tindakan guru kang ngugemi rekomendhasi saka asil pambiji siklus I. Adhedhasar rekomendhasi kasebut guru awèh kawigaten kang luwih marang aspek kang kudu diundhakake keaktivane . Kagiyatan aktivitas siswa siklus I oleh biji 35 utawa 67 % dene kagiyatan aktivitas guru siklus II oleh biji 39 utawa 81 % dadine saka kagiyatan aktivitas siswa siklus I menyang siklus II ana undhak-undhakan biji 14 %.

Undhakan kagiyatan aktivitas siswa amarga siswa luwih aktif nggatekake kepriye carane ;

- (1) nyiapake kahanan kelas,
- (2) ngrungokake tujuan pasinaon,
- (3) nggatekake teks tembang Maskumambang ,
- (4) nyinau carane ngarang tembang Maskumambang kanthi metodhe demonstrasi,
- (5) nggarap tugas ngarang tembang Maskumambang kanthi tema gegayuhan,
- (6) manfaatake kesempatan ngandharake karangan ing papan tulis. Saka tindakan guru kang ngundhakake kawigatene marang kagiyatane siswa mula siswa luwih aktif la nana undhak-undhakan biji.

#### **Asil Pasinaon**

#### **Asil Pambiji Post Test siklus II**

Ana undhak-undhakan asil pambiji post test antaraning siklus I menyang siklus II. Asil pambiji post test I siswa kang tuntas ana 19 siswa utawa 95 % , dene asil pambiji siklus II siswa kang oleh biji tuntas ana 20 siswa tuntas kabeh dadine 100 % tuntas. Saka siklus I menyang siklus II ana undhakan 5 % . Undhakan iki jalaran ing siklus II iki siswa luwih mangerteni tata carane ngarang tembang macapat mligine tembang Maskumambang. Siswa wis bisa mangerteni paugerane tembang Maskumambang, siswa wis bisa nggunakake

*Metodhe Demonstrasi* minangka cara kanggo nulis tembang macapat lan siswa luwih bisa nentokake lan ngrakit tembung dadi

### Refleksi

#### 1 Asile Pambiji Kagiyan aktivitas Guru

1) Asil kagiyan aktivitas guru kang kaanggep wis kasil :

(1) Jumlah biji kang kagayuh saka kagiyan aktivitas guru ana 40 yen diwujudake persen ana 77% , biji iki kagolong kriteria biji kang apik.

(2) Indhikator kang oleh biji paling apik ana 2 yaiku (1)aweh tugas ngarang tembang

Maskumambang, (2) aweh kesempatan marang siswa ngandarake asil kerjane ing papan tulis

2) Asil kagiyan aktivitas guru kang kaanggep isih kurang :

saka indhikator mbimbing siswa takon-pinakon babagan ngarang tembang macapat mung

oleh biji 2, ateges guru isih kurang trampil olehe mbimbing siswa supaya wani lan prigel takon

babagan ngarang tembang Maskumambang, dadine guru prelu ngundakake keprigelane aweh

bimbingan supaya siswa wani lan prigel takon babagan ngarang taembang Maskumambang.

#### 2 Asile Pambiji Kagiyan Aktivitas Siswa

1) Asil kagiyan aktivitas siswa kang kaanggep wis kasil :

Indhikator kang oleh biji paling apik yaiku ngrungokake tujuwan pasinaon oleh biji 4.

2). Asil kagiyan aktivitas siswa kang kaanggep isih kurang :

(1) Jumlah biji kang kagayuh saka kagiyan aktivitas siswa mung ana 35 yen diwujudake

persen ana 67%, biji iki kalebu kriteria cukup apik ananging biji 67 % iku mujudake

biji kang kagolong durung kasil amarga kriteria kang kagolong kasil manawa kagiyanane

oleh biji 76% mendhuwur. 2) Indhikator kagiyan aktivitas siswa kang oleh biji paling apik

ana 1 yaiku : (1) Siswa ngrungokake tujuwan pasinaon ngarang tembang Maskumambang, dadi siswa prelu ngundakake tingkat keaktivane sajroning sinau supaya kabeh indhikator bisa oleh biji kang luwih apik .

3) Indhikator kagiyan aktivitas siswa kang oleh biji 2 ana 5 indhikator kagiyan aktivitas siswa kang oleh biji mung 2 yaiku

: (1) nyiapake kahanan kelas, siswa isih durung bisa nyiapake kahanan kelas kanthi apik, jalaran siswa isih sakarepe dhewe nalika pasinaon arep diwiwiti isih padha omong dhewe saengga kahanane kurang prayoga tumrap pasinaon. (2) takon-pinakon babagan tembang macapat nalika apersepsi, siswa katon kurang aktif lan omong dhewe, (3) nggarap pre test, siswa kurang aktif nalika nggarap pre test jalaran rumangsa durung bisa ngarang tembang

Maskumambang, (4) takon-pinakon babagan tembang Maskumambang, nalika wayah takon-pinakon babagan materi pasinaon tembang Maskumambang siswa kurang aktif, (5) nindakake refleksi, siswa kurang biasa ngandharake panemune nalika nindakake refleksi saengga refleksi

kurang bisa ditenokake dudutane kanthi bener miturut kasunyatan, guru prelu aweh bimbingan supaya siswa bisa aktif aweh panemu nalika nindakake refleksi.

Maskumambang, (4) takon-pinakon babagan tembang Maskumambang, nalika wayah takon-pinakon babagan materi pasinaon tembang Maskumambang siswa kurang aktif, (5) nindakake refleksi, siswa kurang biasa ngandharake panemune nalika nindakake refleksi saengga refleksi

kurang bisa ditenokake dudutane kanthi bener miturut kasunyatan, guru prelu aweh bimbingan supaya siswa bisa aktif aweh panemu nalika nindakake refleksi.

kurang bisa ditenokake dudutane kanthi bener miturut kasunyatan, guru prelu aweh bimbingan supaya siswa bisa aktif aweh panemu nalika nindakake refleksi.

#### Asile Pambiji Pasinaon

1. Asil kagiyan pasinaon kang kaanggep wis kasil :

Asil pambiji pasinaon dijupuk saka biji post test saka jumlah siswa 20 kang oleh biji tuntas ana 19 siswa utawa 95 % kari 1 bae siswa sing durung bisa tuntas. Iki kalebu pambiji kang asile apik banget amarga asile wis bisa ngluwihi pathokane kriteria panliten kang kasil yaiku 76 % .

Bab iki jalaran siswa wis bisa nggunakake *Metode Demonstrasi* kanggo nulis tembang Macapat.

2. Asil kagiyan aktivitas siswa kang kaanggep isih kurang :

Isih ana siswa 1 sing durung tuntas amarga mung oleh biji 70, biji durung tuntas amarga kriteria kelulusane 76. Guru prelu aweh bimbingan marang siswa sing durung tuntas supaya oleh biji sing luwih apik lan bisa tuntas ing siklus II.

### Dudutan

Dudutan saka asil kagiyatan panliten irah-irahan Undhakan Kawasisan Ngarang Tembang Maskumambang Kanthi *Metodhe Demonstrasi* Kelas IX B SMP Negeri 14 Madiun taun 2015 yaiku siswa kelas IX B SMPN 14 Madiun duwe perkara ora bisa ngarang tembang macapat utamane tembang Maskumambang.

Perkara kuwi disebabake siswa ora kulina ngrungokake tembang macapat utamane tembang Maskumambang saengga siswa ora duwe greget nyinau ngarang tembang Maskumambang. Kanggo ngawekani perkara iki panliti nggunakake *metodhe demonstrasi* sajrone ngajari ngarang tembang Maskumambang marang siswa kelas IXB SMPN 14 Madiun .

*Metodhe demonstrasi* yaiku sawijining cara ngandharake pasinaon kanthi mragakake sawijing proses kedadeyan. lumantar *Metodhe Demonstrasi* bakal luwih jelas dimangerteni siswa amarga siswa ngalami kanthi cara langsung prosese sawijing kedadeyan. *Metodhe Demonstrasi* merlokake ketrampilan guru kang mligi babagan sawijining bab saengga guru bisa nyiapake rancangan kanthi luwih mateng ( Nuryani : 102 )

Panliti ngajari siswa kelas IXB SMPN 14 Madiun ngarang tembang maskumambang miturut langkah-langkahe kanthi mragakake ing papan tulis kanthi jlimet saengga para siswa paham lan bisa nindakake tugas ngarang tembang maskumambang kanthi mandiri.

*Metodhe demonstrasi* apik banget dicakake kanggo metode ngarang tembang macapat amarga sawise guru nindakake metodhe demonstrasi siswa bisa ngarang tembang Maskumambang kanthi asil kang apik. Umume ana undhak-undhakan saben kagiyatan pasinaon Undhak-undhakan iku yaiku saka asil pambiji kagiyatan aktivitas guru siklus I menyang siklus II ana undhakan saka 77% dadi 87%, dadi saka kagiyatan aktivitas guru ana undhakan 10%. Saka asil pambiji Kegiatan aktivitas siswa ana undhak-undhakan saka Siklus I menyang siklus II yaiku 67 % dadi 81 %, dadi ana undhak-undhakan 14 %. Saka asil pasinaon ana undhak-undhakan 95 % dadi 100 % dadi ana undhak-undhakan 5%, undhak-undhakan mau jalaran guru ngugemi rekomendhasi lan nindhakake kagiyatan

kang selaras karo indhikator kang katulis ing RPP kanthi luwih apik.

### Pamrayoga

*Metodhe Demonstrasi* minangka metodhe kang tepak kanggo ngawekani perkara ngarang tembang Maskumambang bakalan aoleh pambiji kang luwih apik apik yen dicakake ing pasinaon jalaran nggladhi siswa luwih aktif lan siswa duwe pengalaman langsung.

### DHAPTAR KAPUSTAKAN

Enami, 2012. *Pasinaon Maca Tembang Pangkur Laras Pelog Pathet Nem Siswa Kelas VIII D SMP Negeri 1*

*Sanankulon Blitar*. Surabaya : Unesa

Karti dkk, 2008. *Lebda Basa Jawa*, Surabaya: Intan Pariwara

Suwadji dkk, 2000. *Bausastra Jawa*, Yogyakarta: Kanisius

Tarigan, 2008. *Menyimak*, Bandung : Angkasa

Nuryani , 2005. *Strategi Belajar Mengajar Biologi*, Malang: Universita Negeri Ikip Malang.

Padmosoekotjo, 1955. *Ngengrengan Kasusastran Djawa I*, Jogya: Hien Hoo Sing

Winarni, 2012. *Upaya Meningkatkan Ketrampilan Nembang Macapat Asmaradana Dengan Media Audio Teks Pada Siswa Kelas VIII D SMPN 1*

Mojosari Tahun Ajaran 2012/2013, Surabaya : Unesa

### DHAPTAR LAMAN

Berti Dyah ,Permatasari,dkk , 2015. *Penerapan Model Pembelajaran Kooperatif Teknik Make A Match Untuk Meningkatkan Pemahaman Konsep Tembang Macapat* Macapat dalam *Jurnal Didaktika Dwija Indria (Solo)* (<http://jurnal.fkip.uns.ac.id/index.php/pgsdsolo/article/view/5832>)

Mustikarani,Defri, 2015. Peningkatan Kemampuan Menyimak Tembang Pucung dan Gambuh Dengan Strategi Pembelajaran Kooperatif Tipe Cooperative Script bagi Siswa kelas VIII SMP Negeri I kota Batu Jurusan Sastra Indonesia-

*Undhakan Kawasisan Ngarang Tembang Maskumambang*

Fakultas Sastra UM, 2011, Sabtu, tgl. 1  
5/8/2015 <http://karya-ilmiah.um.ac.id/index.php/sastra-indonesia/article/view/14714>).


Werdiningsih, *Upaya Peningkatan Ketrampilan Menulis Syair Tembang Macapat Melalui Media Gambar Pada Siswa Kelas XI IPA1 SMAN Mirit Tahun Ajaran 2013/2014*, gambar jroning homepage vol.4 no.3 2014 Aditya-

Pendidikan Bahasa dan Sastra Jawa Sabtu, 15/8/2015

<http://ejournal.umpwr.ac.id/index.php/aditya/article/view/1195>

Muchlisin Riadi, *Pengertian Metode Demonstrasi Dalam Kajian pustaka*.

Minggu, 6 September 2015. <http://www.kajianpustaka.com/2012/10/metode-demonstrasi-dalam-belajar.html?m=1>



UNESA

Universitas Negeri Surabaya